



Mak Bèt la

Kite'm kòmanse pa li pou nou vèsè ki revele tout mistè ki kache nan mak bèt la.

16 E li lakoz ke tout moun, piti kou gran, rich kou pòv, lib kou esklav, resevwa yon mak nan men dwat yo oubyen sou fwon yo. 17 Pesonn pa ta dwe kapab ni achte ni vann, si se pa sila ki gen mak, non bèt la, oubyen [nimewo non li](#). 18 Se la-a sajès la ye. Kite sila ki gen bon jan konprann *kalkile nimewo bèt la : paske se nimewo yon moun ; e nimewo sila a se [sisan swasann sis](#). [Revelasyon 13 : 16-18](#)
*psèphistatō

An Ayiti tankou nan lòt peyi, moun itilize fè cho pou yo make ak idantifye tout bèt ke yo posede. Kontrèman avèk moun ki preche sèlman sou [mak bèt la](#), Bib la pale de twa mwayen ke Satan ap itilize pou'l idantifye tout moun pa'l yo ; mwayen sa yo se [mak bèt la](#), [non bèt la](#), ak [nimewo non bèt la](#).

Pandan de dènye milèn sa yo, twa vèsè ke mwen sot li la yo fè eta de anpil diferan entèpretasyon. E mwen menm k'ap pale avèk ou la a se yon lòt entèpretasyon ke'm pote pou ou ankò. Men èske se yon lòt entèpretasyon k'ap vi-n ajoute sou pil sa ki te la déjà yo, oubyen èske se yon entèpretasyon k'ap separe tèt li de tout sa ke'n konn tandè déjà. Repons lan pral depann de ki relasyon ke'w gen ak Bondye Papa a. Men mwen menm, mwen rete konvenki nan tout nanm mwen ke sa'w pral tandè la yo se verite ke yo ye. Verite kite konn ap preche nan tan lontan, e ki jodi a tounen pou vi-n pote limyè pou pitit Bondye yo. Etid sa a pral konsantre sou twa dènye vèsè ki nan chapit 13 liv Revelasyon an. Twa dènye vèsè sa yo devwale sa k'ap pase nan fen tan sa a avèk mak bèt la. Fòm di nou an patan ke mak la se pa yon bagay k'ap vini li ye, li la déjà; se sèlman moun ki senp, ki pridan e ki gen anpil sajès k'ap kapab evite mak sa a. Kèk nan entèpretasyon ki fè anpil bri nan legliz ak nan lari a, ta vle fè konprann ke mak la se yon sipèòdinatè, yon kat ak yon nimero idantite, yon tatou, yon bakod... Deklarasyon ki pi popilè ladan yo a di ke se yon mikwopis ki apeprè menm grosè ak yon ti grenn diri ke yo rele RFID, ke y'ap foure anba po yon moun, pou yo ka gen kontwòl moun sa a.

Entèpretasyon sa yo te pran nesans senpleman paske lèzòm ap chèche yon espikasyon fizik pou mak la. Pou kisa ? Senpleman paske nan lide pa nou, si pou nou make yon bagay, oubyen pou'n make yon bèt oubyen yon moun se pou gen yon aksyon fizik ki poze, pandan ke nou bliye ke pawòl la te di nan [Efezyen 6 :12](#) ke batay la pa fizik men li espirityèl. Nou sanse bliye ke Satan se yon espri, se papa manti, se twonpe l'ap twonpe nou ak yon bann bagay san sans, nan lide pou'l fè'n pèdi tan, e pou'n pa janm gen tan rive gen konesans verite a. Sèpan ansyen an pa enterese'l ak sa ki nan bous ou, li pa enterese'l nonplis ak bann pil fè e bann pakèt tatou ke yon moun mete sou kò'l ; li konnen byen ke bagay sa yo paka kondane nanm ou. Entansyon dyab la se pou'l kenbe'w lwen prezans Jezi-Kris ki se sèl limyè ki ka non sèlman fè'w wè kisa mak la ye, men tou ki ka fè'w konprann ki aksyon mètdam ki pral pèmèt Satan make tout kalite moun sou men dwat yo oubyen sou fwon yo. Wi Satan gen plizyè fason pou'l idantifye moun li yo. Pa gen moun k'ap resevwa yon mak nan men dwat ak yon mak nan fwon yo; seswa li nan men dwat, oubyen li nan fwon. Nan espwa ke nou va konprann deroulman aksyon sa yo, mwen pral kòmanse avèk vèsè 16 la, m'ap kontinye ak 17 la, e m'ap fini ak 18 la.

Vèsè 16 la di, ke imaj bèt la ap **lakoz ke tout moun, piti kou gran, rich kou pòv, lib kou esklav, resevwa yon mak nan men dwat yo oubyen sou fwon yo**. Gen yon bagay ki ta dwe kapte atansyon nou la a, Pawòl la di ke imaj bèt la lakoz tout moun resevwa yon mak, èske sa vle di ke tout moun sou latè ansanm ak tout sèvitè Bondye yo ap resevwa yon mak ? Non se pa sa'l ye ditou. Tout moun nan siyifi tout divès kalite moun, san distenksyon, kèlkeswa – laj ak ras li, keswa'l te mal ou femèl, kèlkeswa sityasyon ekonomik, pozisyon jewografik ak ran sosyal moun sa a, l'ap sijè resevwa mak la swa nan men dwat li ou nan fwon tèt li. Se sa'k fè ke Pwofèt la te pran swen pou'l idantifye de ki kalite moun ke'l t'ap pale yo, li di **piti kou gran, rich kou pòv, esklav kou lib**, sa vle di kèlkeswa sa'w ye a, ou paka chape anba mak bèt la si'w pa gen Jezi nan lavi'w.

Remake ke gen de kote byen spesifik ke mak bèt la kapab ye, se swa'l **nan men dwat oubyen'l sou fwon**. Ann'al gade kijan ke yon moun kapab resevwa mak bèt la nan men dwat li : Pwofèt Salomon nan liv Eklezyas te deklare ke : ¹⁰ Kè moun ki saj rete nan men dwat li ; e kè moun ki sòt rete sou goch li. [Eklezyas 10 : 2](#)

Salomon di ke Kè moun ki saj la rete nan men dwat li. Si men dwat senbolikman reprezante lokasyon kote kè lòm nan rete, li pa difisil pou nou konprann ke si Satan rive make men dwat yon moun, li dirèkteman make kè moun sa a. Kite'm ba'w yon egzanzp, gen de bagay ke yon moun kapab fè yon lòt moun ki kapab make moun sa a pou lavi. Souvan ou ka tandè yon moun di : monchè ou gen yon bagay ke'w fè'm lòt jou ki make'm anpil, mwen pap janm bliye bagay sa a. Yon moun fè'w yon bagay ki make'w anpil, mak ke'w resevwa, se pa yon mak ke ni ou menm ni moun sa a kapab wè ak je, se yon mak ki envizib men ki byen vivan. Ni moun ki sibi ak moun ki fè aksyon konnen ke mak la egziste menm lè ke yo pap janm kapab wè ak manyen mak sa a. Konprann byen, si Satan rive make'w nan men dwat, li rive make'w nan kè'w, se pa yon mak ke ni ou menm ni Satan ap ka wè, se pa yon mak ke ni ou menm ni



Satan ap ka manyen, men nou tou lède a ap konsyan de egzistans mak la. Se yon mak espiyèl ke w'ap resevwa nan tande ak gade imaj bèt la k'ap enstale nan kèw tout panse, kwayans, ak konviksyon dyab la. Se pa yon kat oubyen yon mikwopis ke y'ap foure anba po'w, se yon mak k'ap nan men dwat ou, sa vle di nan kèw, e w'ap byen konsyan de prezans mak bèt la nan nanm ou, paske w'ap ka jije si aksyon'w yo se aksyon ki dwat oubyen si se aksyon ki kwochi menm jan ak sèpan ansyen an.

Pawòl la di tou, ke tout moun ap resevwa yon mak sou fwon yo. Lè pawòl la pale de fwon, li pa pale de zo ki devan tèt ou a, zo sa a se yon pati nan eskèlèt ou ki la pou pwoteje emisfè serebral ou yo, li se tou domisil kote sèvo a rete. Nou te aprann lekòl ke sèvo yon moun divize an de emisfè : emisfè dwat ak emisfè goch, chak emisfè sa yo gen kat zòn. Zòn ki pi siperyè a rele lòb fwontal. Se nan lòb fwontal ou ke tout fonksyon mantal siperyè ou yo abite : **fonksyon sa yo se lapawòl avèk memwa, rezònman, jijman, panse, volonte, pèsonalite, langaj, emosyon, desizyon elatriye.** Satan konnen ke si'l rive kontwole fonksyon sa yo nan yon moun, li kontwole moun sa a tout antye. Reyalize ke pa gen youn nan fonksyon sa yo ki vizib, sa vle di ke mak k'ap sou fwon moun yo, se pa yon mak ke'w ka ni wè ni manyen.

Ansye ak Nouvo Testaman an demontre ke Bondye se premye ki te deside pou'L make pèp Li a sou fwon yo ; annou li :

⁴ Senyè a te di li, ale pase nan mitan vil la, nan mitan Jerizalèm, e mete yon mak sou fwon tout moun k'ap soupire e ki ap jemi akoz de tout bagay sal k'ap fèt ladan'l yo. ⁵ E'm tande'l te di lòt yo, pase tout kote'l pase nan vil la, e frape san gad dèyè, ni piga'n gen pitye :

⁶ Touye tout granmoun ak tout jèn moun, fi ki vyèj, ak timoun piti, ak fanm yo : men pa pase pre okenn moun ki gen mak la sou li ; e konmanse depi nan sanktyè mwen an. Konsa yo te konmanse ak ansyen yo ki te kanpe devan kay la. Ezekyèl 9: 4-6

Pèp Bondye a ap jemi, yo nan lapèn e y'ap soufri akoz de tout abominasyon ki gen sou tè sa a. Se konsa Bondye voye sèvitè'l yo al make pèp li a sou fwon yo. Sèvitè sa yo se Jezi-Kris ki kanpe nan mitan Legliz Bondye a pou'l preche verite. Moun ki kwè nan pawòl verite sa yo, vi-n gen menm panse, menm kwayans, menm konviksyon ak Jezi; konsa Senyè a rive idantifye pal yo, e Li make yo sou fwon yo. Si yon moun gen Pawòl la ki se Jezi, e si li resevwa don Espri-Sen, moun sa a rive reyini karaktè Bondye Papa a nan li menm, e se konsa ke Bondye Papa a rive make pitit Li yo sou fwon yo.

Men depi se moun ki pa kwè nan pawòl verite, se moun ki gen menm panse, menm kwayans, ak menm konviksyon ak Satan, konsa dyab la rive idantifye pal yo, e'l make yo sou fwon yo. Se sa'k fè lè Jezi te fi-n make pèp Bondye a sou fwon yo, Bondye Papa a te òdone lòt sèvitè'L yo pou yo pase tout kote Jezi te pase yo, e pou yo frape san pitye san gad dèyè pou yon netwayaj final. Senyè a konnen ke tout moun ki pa gen mak Li a sou fwon yo, se moun ki pa kwè nan verite, e Li deside detwi yo pou toutan, konsa Li livre yo bay Satan pou'l te ka make yo ak so dyab la.

⁴ E'l te di yo pou yo pa fè mal ak okenn zèb ki sou tè a, ni ak anyen ki vèt, ni ak okenn pye bwa, men sèlman ak sila yo ki pa gen mak Bondye a sou fwon yo. Revelasyon 9: 4

Fòm di'w byen ke Netwayaj sa a ap kòmanse nan mitan legliz. Senyè a ap separe mouton ak kabrit yo, L'ap mete so'L sou mouton yo, pandan L'ap livre kabrit yo bay dyab la pou'l sele yo ak mak bèt la. Ankò se pa yon mak k'ap vizib, se yon desizyon mantal k'ap soti nan sa ke'w renmen. Senyè a te di kote trezò'w ye, se la ke kèw ap ye (Matye 6: 21). Men kretyen yo pa bezwen pè. Pa koute okenn moun ke Bondye pa voye k'ap vi-n pale nou de okenn gwo katastwòf mondyal. Lèzòm ap kontinye tounen an won nan menm sansasyon'l yo jiskaske Kris la tounen. Senyè li menm te di ke menm sa ki te rive nan tan Noye a se menm bagay la k'ap pase lè L'ap tounen, lèzòm ap vakye nan aktivite kotidyen'l yo, e Senyè a ap siprann yo tankou volè k'ap atake nan nwit. Men sa Bondye di:

³ ...Pa fè ni latè, ni lanmè, ak pye bwa yo okenn mal, jiskaske nou fi-n sele tout sèvitè Bondye nou an sou fwon yo. Revelasyon 7: 3

Nou wè sa, lanati pa menase toutotan pitit Bondye yo pa fi-n make sou fwon yo. Kòm se pa yon mak ki vizib, kesyon an se kilè ke Bondye ap fi-n make pitit Li yo? Mwen pa konnen. Men ou menm, si ou gade nan kèw, si'w gade aksyon'w yo, ou ka konn kiyès ki make'w.

Vèsè 17 la di :

¹⁷ Pesonn pa ta dwe kapab ni achte ni vann, si se pa sila ki gen **mak bèt la, non bèt la**, oubyen **nimewo non bèt la**. Pouwa Satan ap tèlman gran sou latè, ke si yon moun pa konfòme'l selon dezi mond lan l'ap difisil pou li pou'l viv. Kòm nou ka konstate, gen twa diferan mwayen ke bèt la ap bay pou moun kapab lib e libè fonksyone nan wayom li yan. Kidonk se twa fason sa yo ke dyab la déjà sele anpil moun e ap kontinye sele sila ki renmen mond sa a.



Mak bèt la

Le fèt ke Bondye deja make e ap kontinye make tout pitit li yo ; Satan kòm imitatè vle make tout moun pa'l yo tou. Men se kijan ke Bondye deja make e ap kontinye make pitit li yo menm ? Annou li pòsyon pawòl sa a ki pral di nou ak kisa ke Bondye make pitit li yo :
³⁰ *Piga'n fè Espri-Sen Bondye a lapèn, se Li menm ki te sele nou pou jou delivrans lan.* Efezyen 4 : 30

Kisa ? Espri-Sen Bondye sele nou pou jou delivrans lan ! Kifè Espri-Sen Bondye se so Bondye sou pitit li yo ! Aah bon, se sa'k fè Jezi te di disip yo L'ap voye Espri-Sen an, sa vle di depi se moun ki resevwa Espri-Sen an, yo gen mak Bondye sou yo. Men, gen yon bagay ki klè la a, tout moun konnen ke bèt la se Satan - sa vle di, depi se moun ki resevwa espri Satan yo, yo gen mak Bèt la sou yo. Nou pa gen okenn dout ke Espri-Sen an se mak Bondye Papa a sou pitit Li yo ; konsa espri pa pwòp yo se mak bèt la sou pitit Satan yo.

Bondye ap make pitit li yo tou avèk non li :

Aksyon ke yon moun poze ka toujou idantifye karaktè moun sa : Ti nonm sa a de byen papa ! Se pa pitit entèl la ? A wi, kot papa'l li pran sa, sou wè'l ou pa bezwen konn papa a. Ebyen se pou'm di'w ke lè yon timoun sanble e aji menm jan ak papa li, timoun sa a reprezante ak idantifye papa'l tout kote ke'l pase. Jezi Li menm te di nou kèlkeswa moun ki wè'l la yo wè Papa'l tou. Tande, gen moun ke yo rele nèg serye, moun debyen, bon bagay...nou konn sa m'ap pale a ; konsa gen moun yo rele blòfè, gen lòt yo rele malfektè, tripotè, landyèz, mètdam, jouda elatriye... Non sa yo, se yon bann kalifikatif ki idantifye bon ak move aksyon yon moun kapab fè. Se konsa Ansyen ak Nouvo Testaman an aprann nou ke Bondye Papa nou gen anpil diferan non, chak non sa yo idantifye karakteristik Bondye. Kèlkeswa moun ki rive reyini karakteristik Bondye yo nan li, moun sa a vi-n gen menm karaktè ak Bondye; li make ak non Bondye. Tande byen, Jezi-Kris se etablisman fizik de tout non ke nou konnen ke Bondye genyen yo. Lis la long anpil, men Pwofèt Ezayi pat manke asosye kèk ladan yo ak Bebe Jezi ki te gen pou'l vini an ; ann li :

⁶ *Se pou tèt sa pou nou yon timoun te fèt, yon pitit yo te bannou : e gouvènman an va chita sou zèpòl Li : e yo va rele Li Mèvèye, Konseye, Bondye pwisan, Pè Etènèl, Prens lapè.* Ezayi 9 : 6

Tout non sa yo, se non ki te montre nou kiyès ak kisa Bondye ye, men nan pwofesi sa a Ezayi te revele bannou ke gen yon timoun ki t'a pral fèt avèk tout karaktè ki gen nan Bondye Papa a. Lè yon moun di Jezi-Kris ou di Pè Etènèl, lè yon moun di Jezi-Kris ou di Prens lapè, lè yon moun di Jezi-Kris ou di Bondye pwisan elatriye. Nan 1 Korentyen 11 :1 Apot Pòl te di imite'm menm jan mwen menm mwen se imitatè Kris la. Apot la te di ankò nan 2 Timote 4 :7 ke li te batay jiskobou, e'l pa't pèdi lafw, konsa yon kouwòn jistis te rezève pou li. Tande sa liv Revelasyon di de moun ki fè menm jan ak Apot Pòl yo :

¹² *Sila a ki gen viktwa a, m'ap fè'l vi-n yon poto nan tanp Bondye'm nan, e li p'ap janm soti deyò : E m'ap ekri non Bondye'm nan sou li...* Revelasyon 3 : 12

³ *E pap gen okenn madichon ankò; men twòn Bondye a ak Mouton an va ladan'l, e sèvitè'l yo va sèvi'l; ⁴E yo va wè figi'l; e non Li va sou fwon yo.* Revelasyon 22 : 3-4

Mwen pa konn konbyen moun ki gen non Papa a ekri sou yo deja, men mwen ka di'w ke Bib la idantifye 144,000 ladan yo ; ann li:¹ Mwen te gade, e, se konsa, yon Mouton te kanpe sou mòn siyon, e avèk li san karann kat mil, ki gen non Papa Li ekri sou fwon yo. Revelasyon 14 : 1

Mwen konnen ki anplasman anpil fo legliz bay ak 144,000 sa yo, men m'ap pwofite raple yo ke 144,000 yo nan mòn siyon ansanm ak Mouton an e Non Papa Mouton ekri sou fwon yo.

Nan vèsè ke nou te sot li la yo, pawòl pa pale de mak Bondye men li pale de non Bondye k'ap sou pitit Li yo. Menm lè imite pap janm egale, Satan ap gen pouvwa pou'l make non bèt la sou moun ki pa kwè nan verite Kris la. Kite'm ba'w kèk karakteristik Satan pou'w ka wè sa m'ap di'w la : yo rele'l Dyab paske'l se yon akizate, advèsè (opozan, lènmi), sèpan (twonpè), dragon (gwo papa sèpan), tantatè (testè, eseyè), prens tout demon (chèf espri pa pwòp), prens tout pwisans ki nan lèzè, prens mond lan, papa mantè. Tande byen sa'm pral di nou la a : yon moun ki renmen akize ak twonpe moun, yon moun ki se yon etènèl opozan, ki toujou ap tante moun pou fè sa'k pa sa, moun sa a gen yon ekip espri pa pwòp sou li, pwofesè li se prens tout pwisans ki nan lèzè ak prens mond lan, sèpan an ak dragon an se yo k'ap kòmande'l, konsa tout karaktè Satan yo reyini nan li. Moun sa a rive gen non bèt la ekri sou li. Si n'ta enterese konn vrè non Satan m'ap ankouraje nou tande mesaj #5 **BÈT LA OUBYEN ESPRI MANTI.**

Non Bondye gen yon nimewo ki asosye ak li. Nimewo sa a se nimewo sèt (7). Pou kisa ? Pou rezon ke sèlman Bondye konnen. Sèl bagay, nou ka konprann ke tout sa Bondye fè sou tè a, te fèt alantou nimewo sèt. Sòti nan Jenèz rive nan Revelasyon nimewo sèt toujou mete fin ak yon bagay ki te kòmanse. Se pa pa aza ke nou gen sèt jou nan yon semèn. Se pa pa aza ke Bondye konplete tout kreyasyon an nan sèt jou, se pa pou san rezon ke Revelasyon pale de sèt egliz, sèt so (Rev 6 : 1-17/ 8 : 1-5), sèt twonpèt (Rev 8 : 6-13/ 9 : 1- 21/ 11 : 15-19), sèt bòl/kòlè (Rev 15 : 1-8/ 16 : 1-21) elatriye. Nimewo 7 se yon nimewo konplè. Ebyen m'ap kanpe la. Nan pwochen mesaj k'ap vini an m'a va pale de nimewo non bèt la ansanm ak vèsè 18 la ki pale de 666 la. Ke Bondye beni. Amèn !